



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APWOBASYON DE GWO PWOJÈ ENÈJI RENOUVLAB NAN ETA NEW YORK

*Pwojè enèji renouvlab yo prevwa kreye plis pase 380 djòb ak  
Alimante 123,000 kay*

*ORES deja apwouve 18 gwo pwojè enèji renouvlab depi 2021*

Nan kad selebrasyon Semèn Klimatik la, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab (Office of Renewable Energy Siting, ORES) ak Transmisyon Elektrik Eta New York la te bay yon pèmi enplantasyon final pou pwojè Rich Road Solar Energy Center ak pwojè Prattsburgh Wind LLC. Fèm solè a ak fèm ewolyèn lan, ki sitiye nan Konte St. Lawrence ak Konte Steuben, respektivman, pral pote yon 387 megawat enèji pwòp ak renouvlab konbine nan rezo elektrik New York la, sa k ap alimante plis pase 123,000 kay nan tay mwayen. Tou de enstalasyon yo pral kontribiye anpil nan objektif klimatik anbisye Eta a pandan y ap bay kominote lokal yo benefis ekonomik yo.

"De pwojè masiv enèji renouvlab sa yo se premye egzanp pwogrè nou nan tranzisyon nan yon ekonomi enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk pèmi enplantasyon yo bay sa a, n ap kreye djòb ki byen peye nan North Country ak Southern Tier, pandan n ap bay enèji pwòp dirab pou fanmi ak biznis nou yo".

Devlopè pwojè Rich Road Solar yo estime fèm solè 240 MW—ki pral konplete avèk yon sistèm estokaj enèji batri 20 MW (battery energy storage system, BESS) anplis ki sitiye nan Vil Canton, Konte St. Lawrence—pral jenere enèji pwòp ki kapab alimante plis pase 61,000 kay nan tay mwayen. Fèm ewolyèn Prattsburgh la, yon pwojè ewolyèn 147 MW ki kouvri vil Prattsburgh, Avoca, Cohocton, Howard, ak Wheeler nan Konte Steuben, pral pwodui ase enèji pou yon estimasyon 62,000 kay dapre devlopè li yo.

Anons jodi a make dezyèm ak twazyèm gwo pèmi enplantasyon enèji renouvlab ORES te pibliye mwa sa a. Ansanm, pwojè yo pote kantite total pwojè gwo echèl enèji renouvlab ORES apwouve a 18 depi 2021, sa ki reprezante plis pase 2.7 jigawatt enèji pwòp. Apwobasyon yo vini pandan Semèn Klimatik New York la, ki mete aksan sou lidèchip kontinyèl Eta a nan avanse inisyativ enèji pwòp epi ranfòse angajman li pou travay nan kad objektif klima Eta a.

**Directris Egzekitif Pwovizwa Biwo Enplantasyon Enèji Renouvlab la ak Transmisyon Elektrik Jessica Waldorf, te deklare,** "Anons jodi a demontre angajman kontinyèl Eta a nan yon tranzisyon enèji pwòp ak enplantasyon responsab ak devlopman resous enèji renouvlab. Piblikasyon pèmi pou pwojè Rich Road Solar Energy Center ak pwojè Prattsburgh Wind LLC ORES la pral sipòte livrezon yon kantite enèji pwòp enpòtan nan rezo elektrik la ak benefis kominote lokal yo, pandan y ap diminye gwo enpak negatif sou plan anviwònmanal."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "Enplemantasyon devlopman ewolyèn ak solè tankou pwojè yo te anonse jodi a nan konte St. Lawrence ak Steuben se yon pati enpòtan nan angajman Gouvènè Hochul pran pou fè avanse yon ekonomi enèji pwòp epi atenn objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. DEC felisite Gouvènè a ak ORES pou efò yo fè pou akselere deplwaman enèji vèt epi adrese defi chanjman klimatik yo pou asire yon avni ki pi vèt pou tout Nouyòkè yo."

**Marguerite Wells, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare,** "Chak megawat enèji pwòp ki an liy se yon viktwa pou Nouyòkè yo nan batay kont chanjman klimatik, epi li pote benefis ekonomik dirab nan eta nou an. Nou remèsye eta a ak ORES paske yo te akòde pèmi enplantasyon sa yo epi nou pa ka tann jou entèripte a pase epi elektrisite distribiye nan pwojè enpòtan sa yo."

**Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe te deklare,** "Ak konsekans chanjman klimatik yo k ap vin pi grav de jou an jou, nou pa ka sèlman pale sou enèji renouvlab ankò, nou bezwen delivre pwojè reyèl sou tèren an, e se poutèt sa nou kontan wè Gouvènè Hochul ak ekip ORES la apwouve pwojè Rich Road Solar Energy Center ak pwojè Prattsburgh Wind yo. Ansanm, pwomès 387 megawat enèji pwòp make yon lòt etap enpòtan sou chemen New York pou satisfè obligasyon CLCPA nou yo ak tranzisyon nan ekonomi enèji pwòp nou bezwen an."

Aplikasyon pou fèm solè Rich Road te jije konplè nan dat 3 janvyè epi ORES te bay yon pwojè pèmi nan dat 4 mas. Yon pwosesis revizyon konplè, alè, ak transparan te vini apre epi li te enkli yon peryòd kòmantè piblik ak yon odyans. Etablisman an pral genyen twa pak solè PV ki monte sou tèren sou sistèm rayonaj swivi ki gen yon sèl aks, yon sous-stasyon koleksyon 34.5 kilovòl (kV) a 345 kV, ak yon pòs komitasyon pwen entèkoneksyon. Konstriksyon etablisman an pral kreye plis pase 300 djòb aplentan, ak kat pòs pèmanan pandan operasyon an. Pwojè a gen pou l bay 24 milyon dola nan peman dirèk bay Vil Canton, Konte St. Lawrence, ak distri lekòl lokal yo pandan 35 pwochen ane yo.

Aplikasyon an pou fèm ewolyèn Prattsburgh te jije konplè nan dat 30 oktòb 2023, ak yon pwojè pèmi ORES te pibliye nan dat 29 desanm 2023. Pwojè a pral genyen 36 tibin ewolyèn ak enfrastrikti ki gen rapò ak apeprè 21 ekta nan tè ki prensipalman riral. Pwojè a pral jenere plis pase 1.2 milyon dola chak ane nan revni taks pou minisipalite lokal yo ak plis pase 500,000 dola nan peman dirèk nan kontra lwaye vwazinaj bay pwopriyetè

fonsye yo. Anplis de sa, li pral kreye 81 travay sou plas pandan konstriksyon ak uit pòs aplantan pandan operasyon an.

Tou de pwojè yo se yon pati entegral nan estrateji pi laj New York pou atenn Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè, ki mande 70 pousan elekrisite renouvlab dis 2030 ak yon sektè elekrisite zewo emisyon dis 2040. Anplis de sa, tou de pwojè yo te apwouve nan mwens pase yon ane ki se delè obligatwa dapre lalwa.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè Rich Road Solar ak pwojè Prattsburgh Wind, ansanm ak lòt enstalasyon ORES otorize, vizite sit entènèt ORES la nan <https://dps.ny.gov/ores-permit-applications>.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elekrisite zewo emisyon dis 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab dis 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an dis mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)